# QARAQALPAQ KINO KÓRKEM ÓNERINIŃ TÚRLERI HÁM JANRLARÍ

**Madiyorov Baxtiyor Smetovich** – *oqıtıwshı*
*Ózbekstan mámleketlik kórkem óner hám mádeniyat institutı Nókis filialı*

**Tayanısh sózler:** film, tema, janr, ideya, xronika, komediya, scenariy.
**Ключевые слова:** фильм, тема, жанр, идея, хроника, комедия, сценарий.
**Key words:** film, theme, genre, idea, chronicle, comedy, script.

Kórkem filmler hár qıylı dáwirlerde súwretke alınǵan. 1990-jılı kinostudiya tariyxında birinshi kórkem film «Gúm-gúm» (scenariy avtorı M.Tuychiev, O.Abdiraxmanov, postanovkashı rejissyor J.Dawletov, operatorı V.Allamyarov) Amerikanıń San-Francisko qalasındaǵı xalıqaralıq kinofestivalǵa qatnastı. Usı jetiskenliklerdiń biri Qaraqalpaqstanda óz aldına kinostudiya ashıwǵa múmkinshilik jarattı. Solay etip, qaraqalpaq kinoiskusstvosınıń bunnan bılay da rawajlandırıw maqsetinde 1990-jılı "Ózbekstan hújjetli hám ilimiy-kópshilik filmler kinostudiyasınıń Qaraqalpaqstan filialı bazasında "Qaraqalpaqfilm " kinostudiyası dúzildi. Bul qaraqalpaq kinodóretiwshileriniń hár qıylı janrlarda dóretiwshilik kúshin sınap kóriwine múmkinshilik jarattı. "Qaraqalpaqfilm"de dáslepki qısqa metrajlı kórkem filmler, "Tıǵın" (1990, rejissyor T.Qálimbetov), "Qaytıw" (1992, rejissyor B.Nizamatdinov) súwretke alındı.

Filmniń ataması – bul tamashagóylerdi tartıw hám olardı uzaq dawam etetuǵın kinonıń sheshimine shekem uslap turatuǵın tartıw kúshi sanaladı. Sonıń ushın da scenariy avtorları ádebiy, biraq mánissiz temalardan paydalanbaydı. Máselen, "Gúm-gúm", "Tıǵın", "Qaytıw" kórkem filmlerine tańlanǵan tema kino atamasına qoyılatuǵın talaplar tiykarında sheberlik penen tańlanǵan.

Tabıslı qoyılǵan tema shıǵarmanıń áhmietli elementin – xarakterin, qubılıstı, temanı yamasa janrdı kórsetip beredi. Eń jaqsı temalar kóbinese bir waqıttıń ózinde barlıq kino elementlerin óz ishine qamtıydı. «Scenariy kompoziciyası ideyaǵa say bolıwı ushın waqıyanıń túyini, rawajlanıwı, kulminaciyası, sheshimi sıyaqlı barlıq principlerge ámel etiliwi kerek». [1] Eger kompoziciya qurlısı buzılsa, ol jaǵdayda shıǵarma(scenariy)daǵı ideya málim dárejede ashılmay qaladı.

Kino – bul kórkem ónerdiń bir túri. Adamǵa estetikalıq zawıq beriw menen birge insan tárbiyasında asa úlken rol oynaydı. Solay eken qaraqalpaq kino óneriniń ózine tán ózgesheligi degende birinshi náwbette milliyligine itibar qaratamız. Milliylik kino qaharmanıń ústindegi kiyimi emes álbette, xalqımızǵa tán pazıyletti, atadan balaǵa miyras bolıp kiyatırǵan úrp-ádetti, mehir-múriwbet penen sıylasıqtı, eldegi awızbirshilik penen xalıqtıń keń peyilligin milliylik dep túsinemiz. Mine kino óneri usınday milliylik penen suwǵarılsa onıń ómirsheńligi mańgilik boladı. Qaysı dáwir bolsa da keleshek áwladqa aytar sózi menen salmaqlı pikiri bar bunday dóretiwshilik miynet qunın joytpaydı. Biziń qaraqalpaq kinosında ele ashılmay atırǵan tıń temalar kóp. Qaraqalpaq milliy dástanları ishinen tek bir ǵana «Qırıq qız» dástanın alıp saxnalastırǵanımızdıń ózinde qızlarımızdıń gózzallıǵı, batırlıǵı, aqıllılıǵı, qullası hayal zatına tán bolǵan ishki sulıwlıq penen sırtqı sulıwlıqtıń uyǵınlıǵın kóre alamız. Demek, dástanlardı ekranlastırsaq, qanshama milliy kinonıń kelbeti kelip shıǵadı. Kino óneriniń janrları ádebiyat tásiri astında qáliplesken hám rawajlanǵan. «Qaraqalpaqfilm» kinostudiyasında islep shıǵarılǵan filmler túrli janrlarda islengen. Yaǵnıy, bul teoriyadan kóre ámeliyattan kelip shıqqan desek jáne de tema, ortalıq, roller, waqıyalar hám úrp-ádet, qádriyatlardaǵı ózgesheliklerge tiykarlanadı. Kino tarawı ilimpazları túrli janrlar ústinde pikir júritpekte, biraq keń jámietshilik te kino janrları boyınsha qánigelerdey pikirley aladı. Kino tamashagóyleriniń janrlardı bóliwdegi bilim dárejesi scenariy avtorı aldına qıyın wazıypa qoyadı. Adamlar qandayda bir filmdi tamasha etiw ushın (kinoteatrlarǵa) kelgende

túsinik dúnyasında tereń qáliplesken hám keskin pikirler menen qurallanǵan halda keledi. Tamashagóylerdiń keskin pikirleri kórkem film premeralarında jiyi-jiyi qaytalandı. "Bazı janrlardı megajanr dep ataw múmkin, óytkeni olar júdá úlken hám quramalı bolıp, kóplegen kishi janrlardı óz ishine aladı". [2.456] Komediya – kino óneriniń belgili janrlarınıń biri. Onıń wazıypası tamashagóylerdi mashqalalardan alıslatıp, keypiyatın kóterip, júzinde kúlki payda etiw. Tiykarınan barlıq waqıyalar, xarakterler kúlki fonında sáwlelendiriledi. «Kurort» kórkem filminen mısal keltirip ótemiz. «Bas qaharman jigit Tashkent qalasındaǵı dem alıw ornınan qaytıp kiyatır. Bir máhál telefonı shırıldaydı. Usı qońıraw sebepli avtobustı toqtatıp, onıń nomerin jerge túsip kóredi hám telefondaǵı adamǵa aytadı». Tamashagóyler bunı qalay qabılladı? Film premerasında zalda júdá jaqsı kúlki payda etti, biraq jáne bir basqa tereń pikirlewshi tamashagóyler «biziń xalqımız sonday-aq sada ma?» degen sorawdı ortaǵa qoyadı. Tamashagóylerdiń usı pikirine qánige sıpatında kózqaraslarımdı bildirmekshimen. Angliyalı komik akter Rouen Sebastyan Atkinson jaratqan Mister Ben obrazınan pútkil angliya xalqın sada dewden awlaqpız. Qansha qaytalap kórseń de jalıqpaysań. Kino iskusstvosınıń basqa da janrların shette qaldırmay kino túsiriw zárúrligi búgin júdá sezilip atır. Hárbir kinoscenarist óz jumısın qaysı janrda jazajaq ekenligin anıqlap alıwdan keyin baslawı hám onıń tiykarǵı qaǵıydaların úyreniwi kerek. Eger janrdı tolıq túsinip jetpey jazılǵan scenariy kino ekranına uzatılsa tamashagóyden «qanatlandırarsızlıq» bahasın aladı. Komediya janrındaǵı filmlerge "Urı" tolıq metrajlı kórkem filmi, "Kurort" kórkem filminlerin atap ótiw múmkin. "Qaraqalpaqfilm" kinostudiyasında islep shıǵarılǵan kórkem filmlerden "Tanka", "Qońsılar" filmleri aralas janrlarda súwretke alınǵan. Bul filmlerde hámme janrlardıń elementleri sintezlengen. Biografiyalıq filmlerge "Eshan baqsı", "Qaysar" kórkem filmlerin atap ótsek boladı. Bul filmlerde dáwirge emes, insanǵa itibar qaratıladı.

Jáne bir nársege itibar beriwimiz kerek, biografiyalıq filmlerde waqıyalar xronikasına aylanıp qalmawı kerek. Bunda faktler tallanıwı, sol qaharmannıń ómirindegi eń áhmietli táreplerin ashıp beriwge qaratıladı.

Milletler tatıwlıǵın kórsetip beriwshi "Margiya" ("Mehrigiyo) kórkem filmi eki jastıń muhabbatı menen baslanıp, syujet liniyası eki millettiń tatıwlıǵı menen dawam etedi. 2013-jılı súwretke alınǵan "Qorǵan" kórkem filmi áskeriy Watan súyiwshilik temasında jaratıladı. Kino qaharmanı Nazira ismli telejurnalisttiń qorǵanday miytin erk-ıqırarı menen talpınısları tamashagóy názerin jawlap aladı. Qaraqalpaqstanlı kino dóretiwshiler tárepinen 2014-jılı "Ústirtke jol" kórkem filmi túsirilgen, bul film zamanagóy film janrına kiredi. Kino janrında jas óspirimlik syujeti yaki ulǵayıw dáwirin sóz etiw máselesi ózine say ózgeshelik penen kórsetilip beriledi. 2017-jılı Qaraqalpaqstanlı kinodóretiwshileri "Oqılmaǵan xat" tolıq metrajlı kórkem filmin islep shıǵardı. 2019-jılı "Dengiz"- ("Tengiz") tolıq metrajlı kórkem filmi 2019-jılı ekran júzin kórdi. Bul kórkem film hújjetli drama janrına tiyisli bolıp, ómir jolı mártliklerge tolı film qaharmanı Teńiz ismli qızdıń basınan keshirgen turmıslıq waqıyaları bayanlanadı.

Juwmaq ornında aytıp ótiwimiz tiyis, qaraqalpaq kórkem filmlerinde janrlıq máseleleri ele jeterlishe úyrenilmey atır. Tereńirek tallap pikir júritsek, qaraqalpaq kinematografiyası tarawınıń janrları anıq bir klassifikaciyaǵa iye emes. Hárbir kinoscenarist óziniń dóretiwshilik qábiletin kóbirek qaysı janrda kóre alsa, sol baǵdardı anıqlap hám onıń tiykarǵı qaǵıydaların úyreniwi kerek. Álbette, eń dáslep kino janrı hám onıń rawajlanıwı ushın ilimiy izlenisler alıp barılıwı zárúr. Bul máseleler sheshim tapsa kino tarawı janrlıq, tematikalıq jaqtan nıǵayadı. Qaraqalpaq kinosı da búgingi rawajlanıw basqıshına ayaq qosıp, bir qatar janr (vestern, dedektiv, drama, mistik triller, tariyxıy kórkem filmler, fantastikalıq)larda filmler ushın scenariyler jazılıp, erteńgi kún kinematografiya tarawın rawajlandırıw ushın úles bolıp qosıladı.

**Paydalanılǵan ádebiyatlar**

1. Muxammed X. Senariyst sheberligi. - T., TDSI. 2007-jıl
2. H.Abulqosimova. «Kino sanati asoslari». Toshkent, 2010 y.
3. Makki R. Istoriya na million dollarov: Master-klass dlya scenaristov, pisateley i ne tolko / Robert Makki ; Per. s angl. — M.: Alpina non-fikshn, 2008. — 456 s.
4. D.Teshabaev, A.Abul-Qosimova, S.Hayitmatova, M.Mirzamuhamedova. Annotirovannıy katalog xudojestvennogo kino Uzbekistana 1925-2008.-T.: "San'at". 2009 g.- 239 s.

**REZYUME.** Maqalada qaraqalpaq kino óneriniń janrlıq ózgeshelikleri menen birge kino janrların rawajlandırıw barısındaǵı máseleler sóz etiledi. Qaraqalpaq kórkem filmlerinde janrlıq máseleleri ele jeterlishe úyrenilmey atır. Usı áhmietli máseleler maqalada azı-kem tallap ótildi.

**РЕЗЮМЕ.** В статье рассматриваются вопросы развития жанров кино наряду с жанровыми особенностями каракалпакского киноискусства. Жанровые вопросы в каракалпакских художественных фильмах до сих пор недостаточно изучены. Эти важные вопросы были частично проанализированы в статье.

**SUMMARY.** The article discusses the development of film genres alongside the genre characteristics of Karakalpak cinema. Genre issues in Karakalpak feature films are still insufficiently studied. These pressing issues were briefly analyzed in the article.

# METHODOLOGY FOR USING "AIR FRESH" TYPE PLUGINS IN DIGITAL SOUND DIRECTION

**Nietullaev Rustam Asanovich** – *teacher*
*Nukus branch of Uzbekistan State Institute of Arts and Culture*

**Tayanısh sózler:** muzıka, plagin, imkaniyat, kompressor, dawıs, plagin, akustika, jiylik.
**Ключевые слова:** музыка, плагин, возможность, компрессор, звук, плагин, акустика, частота.
**Key words:** music, plugin, opportunity, compressor, sound, plugin, acoustics, frequency.

As the music industry continues to develop, various technological solutions are being developed to improve sound quality and make it more pleasant to the listener. VST plugins play a special role in this. Each plugin differs in its function, operating mechanism, and unique sound characteristics.

Among plugins, the most commonly used are equalizer (EQ), compressor, reverber, and saturator. At the same time, there are some special plugins that help make a certain sound more clear, pleasant, and lively. The Air Fresh plugin can also be called one of such special tools.

Creation and application of the Air Fresh plugin. The "Air Fresh" plugin was developed by Slate Digital. This company is a world leader in the production of modern software for professional sound recording and arrangement. Air Fresh is not just an equalizer. It is designed for soft and musical amplification of high frequencies. Therefore, it is widely used mainly in vocal recordings, acoustic instruments, and generally in the final stage of the music mix. Technical capabilities. The Air Fresh plugin interface is very simple and user-friendly. Its main elements are: Mid Air (Middle High Frequency) - controls sounds in the range of about 2-6 kHz. This part ensures clear and precise sound production. For example, it is very important to set this parameter so that the words in the vocals are clearly heard. High Air (Highest frequencies) - amplifies the range above 10 kHz. This part gives the sound brightness and "aeration." It is especially effective in enhancing professional vocal performance. Bypass button - allows you to compare whether the plugin is working or disabled. This allows you to clearly hear the difference in sound. Air Fresh is a convenient tool even for beginners, due to the lack of